

# Sa jèn yo bezwen konnen sou GRANMOUN OU KA FÈ KONFYANS



## Ki jan granmoun ou ka fè konfyans yo konpòte yo?



- Yon granmoun ou ka fè konfyans se yon moun ke pawòl ak aksyon li fè ou santi ou an sekirite. Granmoun ou ka fè konfyans...

L ap tande ou san jije oswa entèwonp ou nan sa w ap di

Kwè nan ou epi pran enkyetid ou yo oserye

Respekte limit ou ba li, kò ou, ak espas pèsònèl ou

Eksplike bagay yo klèman, tankou sa yo ka kenbe prive ak sa yo pa ka kenbe prive.

- Granmoun ou ka fè konfyans yo ta dwe konpòte yo konsa nan lavi reyèl ak sou Entènèt la.

## Ki jan granmoun ou ka fè konfyans yo PA TA DWE konpòte yo?



- Granmoun ou ka fè konfyans yo **PA** vle ou fè anyen ki fè ou santi ou mal alèz oswa ki pa an sekirite.
- Yo pa joure ou.
- Yo pa menase ou.
- Yo pa fè ou mal.

## Kesyon tout moun ap poze

**Si m bezwen èd, kijan m ka di yon granmoun ou ka fè konfyans sa?**

Mande pou **pale an prive** Eksplike enkyetid ou yo bay yon granmoun ou ka fè konfyans.

Si ou pa ta renmen pale an pèsòn, voye yon **mesaj tèks**, voye yon **imèl**, oubyen ekri yon **lèt epi remèt li** bay yon granmoun ou ka fè konfyans.

**E si moun sa a pa kwè mwen lè mwen di mwen bezwen èd?**

**Ou toujou merite sipò.** Si sa rive, pa gen pwoblèm pou ou pale ak yon lòt granmoun ki gen travay pou sipòte ou, tankou yon pwofesè, yon responsab dosye, oswa yon konseye. Ou ka di kantite moun ou dwe di sa jiskaske ou jwenn sipò.





## Granmoun ki konnen ke wòl yo se kenbe w an sekirite epi pou ba w sipò

- Travayè sosyal ak travayè ki responsab dosye w yo \*
- Pwofesè, direktè lekòl, ak lòt pèsonèl lekòl la \*
- Fòs lòd yo, tankou ofisye lapolis yo \*
- Doktè, enfimyè, ak lòt travayè swen sante \*
- Konsèyè, terapis, ak lòt pwofesyonèl sante mantal \*

## Granmoun ou ka fè konfyans nan kominote w la

Sa yo se granmoun ou ka konnen nan lavi familyal ou, nan katye w, lekòl ou, kote ou al fè espò, nan kominote relijye w, oswa nan lòt aktivite.

- Granmoun ki nan fanmi ou
- Vwazen
- Antrenè yo
- Granmoun ki fè pati de espas relijye kote w al lapriyè
- Granmoun ki nan fanmi zanmi ou yo



## Èske ou ta dwe otomatikman fè tout granmoun sa yo konfyans?



**Pa toujou.** Yon granmoun ou ka fè konfyans se yon moun ki fè ou santi ou an sekirite, ki tande ou, epi ki respekte limit ou ba li. Konfyans bati sou tan, epi se pa yon pwoblèm si ou pa fè yon moun konfyans touswit, oswa pa janm fè l konfyans.

**Sèvi ak lis granmoun ki anwo a pou reflechi sou granmoun ou ka fè konfyans nan pwòp lavi pa ou.**

\* Lalwa egzije kèk granmoun pou ede pwoteje jèn yo. Yo rele granmoun sa yo **rapòtè obligatwa yo**. Sa vle di si ou di yon moun ki gen obligasyon pou rapòte sou yon domaj grav, abi, oswa danje w ap sibi, yo oblije pataje enfòmasyon yon fason pou ka pwoteje w.